



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 11/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI POU ASIRE KE KONPAYI ASIRANS YO PA FÈ DISKRIMINASYON ENJISTEMAN KONT FANM ANSENT AK SA KI AKOUCHE YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Ministè Sèvis Finansye a te fè soti gid pou asire ke konpayi asirans yo pa fè diskriminasyon enjisteman kont fanm ansent ak sa ki akouche yo. Nan yon [let](#), DFS (Ministè Sèvis Finansye) a te enfòme konpayi asirans yo de responsablite yo pou garanti politik revni asirans vi ak asirans pou andikape ki pa fè diskriminasyon kont fanm yo fè dyagnostik ki gen depresyon matènèl. Dapre Lwa sou Asirans New York, konpayi asirans yo pa ka refize fè soti, renouvle oswa anile okenn polis asirans pou tout trètman ki te fèt pou yon maladi mantal ki enkli depresyon matènèl. Yo entèdi konpayi asirans yo tou pou limite kantite, kalite kouvèti oswa chaje yon tarif diferan pou menm asirans lan sèlman akòz yon dyagnostik depresyon.

Gouvènè Cuomo te di: “nou te avèti konpayi asirans yo ap gen zewo tolerans pou sa k ap chèche fè diskriminasyon enjisteman epi refize sèvis a Moun New York k ap goumen ak depresyon matènèl yo”. “Ak aksyon sa, n ap ede asire ke fi ansent ak sa ki sot akouche atravè eta yo jwenn aksè a trètman yo bezwen pou ede yo konstwi lavi ki pi an sante pou tèt yo ak fanmi yo.”

Sipèentandan Ministè Sèvis Finansye a, Maria T. Vullo te di: “DFS la rete angaje pou asire ke manman k ap goumen kounye a oswa nan tan pase ak depresyon matènèl yo resevwa depistaj ak trètman yo menm ak fanmi yo bezwen an. Sa pa gen lontan, DFS te enpoze asirans yo pou kouvri depistaj depresyon pou fi ansent ak sa ki fèk akouche yo san kotizasyon, ko-asirans oswa dediktib. Jodi a, n ap konstwi refòm sa yo lè nou òdone founisè revni asirans pou andikape yo pou pa fè diskriminasyon sou fanm ki gen depresyon matènèl.”

Nouvo enstriksyon sa vini apre enfòmasyon ki te soti nan dat 25 Avril 2016 DFS te bay la ki egzije konpayi asirans k ap ofri asirans sante pou gwoup oswa endividyèl yo bay sèvis prevantif tankou depistaj depresyon pou fi ansent ak fi ki fèk akouche yo, san kotizasyon, ko-asirans oswa dediktib.

Enstriksyon jodi a enfòme konpayi asirans yo ke Sipèentandan Vullo ka fè odit asirè yo tou pou konfime ke tout enskripsyon nan yon asirans vi oswa yon polis asirans revni pou andikape kote gen depresyon matènèl ki jistifye, baze sou garanti ki solid ak prensip aktuarya ki lye ak pèt reyèl oswa antisipe a nan fason ki rezonab.

Senatè Liz Krueger, te di: "Nouvo gid pou politik sa ofri lòt pwoteksyon ki enpòtan pou fi ki te fè eksperyans depresyon matènèl. Li enpòtan pou Eta New York la garanti ke yo elimine baryè pou depistaj ak trètman pou depresyon matènèl yo, e ke fi ki resevwa trètman yo pa fè fas ak diskriminasyon nan konpayi asirans yo. Mwen kontan pou m travay ak DFS la pou òganize politik pou fi yo pa fè fas ak baryè asirans sante pou jwenn aksè ak depistaj ak trètman yo gen dwa pou sa kantite fwa yo fè dyagnostik yo gen pwoblèm nan."

Depite Richard Gottfried, Prezidan Komite Sante Asanble Eta New York la, te di, "Pèsonn pa ta dwe konfwonte depresyon pou kont yo. Ak politik sa a, gouvènè Cuomo asire ke fanm ansent ak manman nan bezwen ki nan bezwen k ap soufwi ak depresyon matènèl ak depresyon apre akouchman ka jwenn swen mantènèl yo bezwen an. Mwen aplodi efò li pou amelyore aksè a pwoteksyon asirans bon kalite, e yon lòt fwa ankò bay yon lòt solisyon enpòtan ak pwoblèm fanmi yo ap fè fas chak jou."

Prezidan Asosyasyon Psikyatrik Ameriken an, Maria A. Oquendo, te di, "nou aplodi DFS pou aksyon li yo pou ede pwoteje rezidan ki gen pwoblèm mantal yo. Moun ki gen maladi mantal merite resevwa trètman san enkyete pou asirans yo pa anile oswa renouvle l akoz kondisyon yo."

Prezidan Enstiti Nasyonal pou Sante Repwodiktif, Andrea Miller, te di: "Sèvis swen sante yo ta dwe yon reyalite pou fi ak fanmi yo atravè New York. Nou aplodi DFS paske li fè aksyon rapidman pou Fi chanpyon New York ki anset e ki akouche yo, ki bezwen e ki merije jwenn aksè a swen sante mantal bon jan kalite."

Direktè Raising Women's Voices-NY, Lois Uttley te di: "Nou aplodi Ministè Sèvis Finansye a paske li asire ke fi k ap soufri depresyon matènèl yo pa sibi diskriminasyon konpayi asirans yo lè y ap eseye refize oswa anile asirans vi oswa polis asirans pou andikape yo. Depresyon matènèl se yon eksperyans komen pou nouvo manman yo. Yo ka detekte l epi trete l nan fason ki efikas, e li pa ta dwe vin yon rezon pou fi yo pèdi polis asirans vi yo bezwen pou pwoteje fanmi yo oswa asirans pou andikape ke yo gen dwa a li a."

Ou ka gade yon kopi lèt NYDFS te voye bay konpayi asirans yo [isit la](#).

###

Gen lòt nouvèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418